

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis, jeung pedaran kamampuh nulis paparikan ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) ka siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018 bisa dicindekkeun:

- 1) Kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) kaasup kana katégori can mampuh rata-rata peunteunna nya éta 69 tina $KKM \geq 72$. Kamampuh tina aspék jumlah engang dina unggal padalisan kaasup kana kritéria “kurang saluyu” kalayan rata-rata peunteunna 2,6; kamampuh tina aspék hubungan antar eusi jeung cangkang unggal pada kaasup kana kritéria “kurang saluyu” kalayan rata-rata peunteunna 2,3; kamampuh tina aspék éjahan kaasup kana kritéria “teu saluyu” kalayan rata-rata peunteunna 1,1; kamampuh tina aspék pilihan kecapna (diksi) kaasup kana kritéria “kurang saluyu” kalayan rata-rata peunteunna 2,5; kamampuh tina aspék karapihan tulisan kaasup kana kritéria “teu saluyu” kalayan rata-rata peunteunna 1,9.
- 2) Kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018 sanggeus ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) kaasup kana katégori mampuh kalayan rata-rata peunteunna nya éta 89 tina $KKM \geq 72$. Kamampuh tina aspék jumlah engang dina unggal padalisan kaasup kana kritéria “saluyu” rata-rata peunteunna 2,9; kamampuh tina aspék hubungan antar eusi jeung cangkang unggal pada kaasup kana kritéria “saluyu” rata-rata peunteunna 3; kamampuh tina aspék éjahan kaasup kana kritéria “saluyu” rata-rata peunteunna 2,1; kamampuh tina aspék pilihan kecap (diksi) kaasup kana kritéria “saluyu” rata-rata peunteunna 2,9; kamampuh tina aspék karapihan kaasup kana kritéria “kurang saluyu” rata-rata peunteunna 2,6.

Anis Siti Mardiah, 2018

MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS PAPARIKAN : Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018 saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) rata-rata peunteun awal 69, sedengkeun rata-rata peunteun ahir 89. Bédha kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) dibuktikeun dina uji hipotésis anu nuduhkeun yén t_{itung} (3,53) > $t_{tabéh}$ (2,42), hartina hipotésis kerja (H_a) ditarima jeung hipotésis nol (H_0) ditolak. Ieu hal ngabuktikeun yén modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018. Hasil rata-rata tina aspék jumlah engang dina unggal padalisan nya éta 2,6 ngaronjat jadi 2,9; hasil rata-rata tina aspék hubungan antar cangkang jeung eusi unggal pada nya éta 2,3 ngaronjat jadi 3; hasil rata-rata tina aspék éjahan nya éta 1,1 ngaronjat jadi 1,1; hasil rata-rata tina aspék pilihan kecap (diksi) nya éta 2,5 ngaronjat jadi 2,9; sarta hasil rata-rata tina aspék karapihan tulisan nya éta 1,9 ngaronjat jadi 2,6. Jadi, modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis paparikan.

5.2 Implikasi

Modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) dilarapkeun dina pangajaran nulis paparikan pikeun ngararonjatkeun kamampuh nulis siswa. Dilarapkeunana ieu modél meunang dukungan jeung aprésiasi nu hadé boh ti siswa boh ti guru. Ieu hal bisa ditarima sacara positif dina pangajaran di sakola ku sabab prak-prakan dina ngalarapkeun modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) kawilang leuwih ngirut jeung matak pikaresepeun. Ayana modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) jadi salahsahiji alesan pikeun siswa numuhukun kaparigelan dina pangajaran nulis paparikan. Ieu modél pangajaran téh ngadumaniskeun kamampuh mikir jeung nulis anu dibarengan ku suasana diajar nu matak pikaresepeun, nya éta “diajar bari ulin”, nu pasti siswa bakal leuwih gampang dina maham matéri, henteu matak bosen, ogé nimbulkeun karep anu hadé nalika ngeusian téh.

Anis Siti Mardiah, 2018

MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS PAPARIKAN : Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.3 Rékoméndasi

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) dina pangajaran nulis paparikan siswa kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung taun ajar 2017/2018, aya sawatara rékoméndasi ieu di handap.

- 1) Modél *Student Teams Achievement Division* (STAD) bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis paparikan. Ku sabab kitu, ieu modél téh bisa dijadikeun salahsiji alternatif pangajaran di kelas lantaran bisa ngaronjatkeun bakat kapamingpinan jeung ngajarkeun kaparigelan diskusi sarta méré lolongkrang ka siswa pikeun mekarkeun silih hargaan, silih hormat jeung babaturanna.
- 2) Ku lantaran ieu panalungtikan ngagunakeun kuasi ékspérimén, perlu diayakeun deui panalungtikan dina ékspérimén murni sangkan meunang ambahan anu leuwih lega.

Anis Siti Mardiah, 2018

MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS PAPARIKAN : Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu |
perpustakaan.upi.edu

Anis Siti Mardiah, 2018

MODÉL STUDENT TEAMS ACHIEVEMENT DIVISION (STAD) DINA PANGAJARAN NULIS PAPARIKAN : Studi Kuasi Éksperimén ka Siswa Kelas VIII-4 SMP Negeri 3 Bandung Taun Ajar 2017/2018

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu